



PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN POU REBATI FLORIDA

KONSIY SOU KAY

KI GEN YON SÈL FANMI EPI KAY MOBIL/FABRIKE

Dokiman sa a bay direktiv sou lojman yo pou egzekite Pwogram Reparasyon pou Fanmi Inik la ak Reparasyon Kay Mobil ke Depatman Opòtinite Ekonomik (Department of Economic Opportunity, DEO) nan Eta Florida a. Pwogram sa a te resevwa finansman nan alokasyon Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè - Leve Kanpe Apre yon Katastwòf (Community Development Block Grant—(CDBG-DR)) Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Ozetazini, jan li dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123.



Tab Matyè

Part 1	Apèsi Pwogram	1
1.1	Objektif Pwogram nan	1
1.2	Limit Revni HUD	6
1.3	Egzijans Pwogram	6
1.4	Enskripsyon	7
1.5	Aplikasyon	8
1.6	Orè Priyorite.....	8
1.7	Pwogram Edikasyon.....	9
1.8	Konstriksyon Elijib.....	9
1.9	Kalite Asistans yo Ofri	10
1.10	Asistans Relokalizasyon Volontè.....	11
1.11	Estanda Konstriksyon.....	11
1.12	Nòm Aksesibilite	12
1.13	Plafon Alokasyon ak Èd pou Lojman	12
1.14	Fezabilite Analiz Reparasyon	12
1.15	Repons Pwopriyetè Kay	13
1.16	Reponsabilite Pwopriyetè Kay	13
1.17	Plent/Apèl/konfli Enterè	14
1.18	Politik Anti Fwod ak Konfòmite	15
1.19	Fichye, Dosye ak Rapò	15
1.20	Kondisyon Akizisyon.....	15
Part 2	Kondisyon Elijiblite	17
2.1	Domaj Siklòn Irma.....	17
2.2	Anplasan	18
2.3	Prèv Pwopriyete, Okipasyon ak Residans Prensipal.	18
2.4	Sikonstans Espesyal ki gen rapò ak Okipasyon	18
2.5	Pwopriyetè.....	19
2.6	Sikonstans Espesyal ki gen rapò ak Tip Pwopriyete.....	19
2.7	Lanmò Okipan Pwopriyetè ki Kalifye	20
2.8	Taks sou Pwopriyete	20
2.9	Aplikasyon ki pa Elijib.....	20
2.10	Sètifikasyon Kondisyon pou Resevwa Asistans.....	20
2.11	Obligasyon pou Elijiblite Revni.....	21
Part 3	Diplikasyon Benefis (DOB)	22
3.1	Apèsi	22
3.2	FEMA Asistans Endividyèl (FEMA IA)	22
3.3	Pwogram Asirans Nasyonal kont Inondasyon (NFIP) Asirans	22
3.4	Increased Cost of Compliance (ICC).....	23
3.5	Asirans prive.....	23
3.6	Administrasyon Ti Biznis (SBA).....	23
3.7	Kou ki admisib pou reparasyon.....	24
3.8	Kontraktan ki nan Fwod	24

3.9	Règleman ipotèk fose	24
3.10	Frè legal.....	24
3.11	Ranpli fom taks	25
3.12	Pou kalkile kantite lajan apati Diplikasyon Benefis (DOB)	25
3.13	Sibwogasyon	26
Part 4	Revizyon pou Enspeksyon ak Anviwònman	27
4.1	Apèsi	27
4.2	Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Domaj	27
4.3	Atik ki elijib ak atik ki pa elijib	27
4.4	Revizyon anviwònmantal.....	28
Part 5	Detèminasyon Prim.....	29
Part 6	Pre-Konstriksyon.....	30
6.1	Fon Kondisyonè & Siplèmantè	30
6.2	Idantifikasyon danje nan penti abaz plon	30
6.3	Devlopman depans pou pwojè reparasyon yo	30
6.4	Ranplasman mobil / lojman fabrike yo	30
6.5	Detèminasyon pou rekonstriksyon ak seleksyon plan.....	30
6.6	Devwa kontraktan, Akò Konstriksyon	32
6.7	Dokiman Egzekisyon Kontra.....	32
6.8	Avi pou kontinye	32
6.9	Sa antreprenè bezwen	32
Part 7	Konstriksyon.....	34
7.1	Kout Je Global	34
7.2	Deranjman ke Penti A Baz Plon Koze ak Rediksyon Pwoblèm sa a.....	34
7.3	Enspeksyon Pwojè Reparasyon ak Rekonstriksyon	35
7.4	Enspeksyon Final ak Enfòmasyon Garanti	36
7.5	Re-enspeksyon yo	36
7.6	Lòd Chanjman	36
7.7	Responsabilite Pwopriyete Kay yo pandan Konstriksyon an	36
Anèks A	Limit Revni HUD	38
Anèks B	Plan Maketing Afimatif.....	44
Anèks C	Rekonsiderasyon/Apèl/Pwosesis Plent	45

Part 1 Apèsi Pwogram

1.1 Objektif Pwogram nan

ENTWODIKSYON

Ministè Opòtinite Ekonomik Eta Florid la (Sig Anglè DEO) Biwo Repriz Aprè Sinis (Sig an Anglè ODR) se administratè yon Pwogram Sibvansyon pou Devlopman Kominotè ak Relèvman lè gen Katastwòf (Sig an Anglè (CDBG-DR) ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) ap finanse dapre Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo DEO se òganis ki la pou administre fon ki la pou lojman, devlopman ekonomik ak aktivite pou mete enfrastrikti lè gen katastwòk. DEO jere pwogram reparasyon ak ranplasman kay yo dirèkteman.

DEO Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Kay (Sig an Anglè HRRP) la ap bay èd pou lojman a moun ki te viktim pandan pasaj siklòn Irma nan mwa septanm 2017 la. Li gen ladan li kay ki gen yon sèl fanmi yo, pwopriyetè ki gen kay nan lwaye ak Otorite ki responsab Lojman Sosyal yo (Sig Anglè PHAs). Objektif pwogram nan se pou reponn a bezwen nan lojman ki poko janm konble. DEO te devlope oryantasyon sa yo pou kay yon sèl fanmi yo ak kay mobil sa yo pou (HRRP) dapre enfòmasyon li te jwenn pandan analiz bezwen ki poko konble ak deskripsyon lòt pwojè ki te kreye nan *Plan Aksyon Eta Florid pou Repriz Aprè Sinis*.

Pou kounye a DEO apwouve \$273,329,800 nan fon CDBG-DR pou HRRP. Dapre done yo jwenn pandan pwosesis planifikasyon aksyon an, DEO prevwa 6,000 ap repare oswa ranplase. Depi HUD fin apwouve modifikasyon plan aksyon an, sibvansyon HRRP a ap pase a yon total de \$346,186,147, ak yon pwojksyon de 7,150 kay k ap repare, rekonstwi oswa ranplase.

DEO fikse de objektif pou HRRP a. Dabò, rekonèt ke sibvansyon 346 milyon an pa p ka rive reponn a bezwen tout moun yo, DEO ap bay popilasyon ki gen pi gwo risk e ki pi frajil yo priyorite. Epi, pou ka ranfòse kapasite pou pwoteje lavi moun, DEO egzije ke yo itilize metòd konstriksyon ki konsantre sou kalite, dirabilite, efikasite, enèjetik epi k ap gen rezistans ki pa p swente.


HRRP a se yon pwogram ki santralize sou reparasyon oswa ranplasman lojman pou fanmi ki pa gen gwo mwayen (Sig an Anglè LMI) ki te viktim pandan pasaj Siklòn Irma. Pwogram nan ap jere epi fini pwosesis konstriksyon pou reparasyon oswa rekonstrikasyon kay ki te andomaje yo nan non pwopriyetè ki kalifye yo. Avèk èd anplwaye ak founisè yo, eta a ap kolabore ak yon gwoup antreprenè kalifye ki gen pou misyon repare, rekonstwi oswa ranplase byen ki andomaje yo. Pwopriyetè yo pa p gen pou chwazi pwòp antreprenè pa yo, ni yo pa p siyen kontra pèsònèl ak antreprenè k ap fè konstriksyon an. Pa gen okenn lajan y ap bay pwopriyetè a dirèkteman. Y ap mande Pwopriyetè yo pou fè yon akò ak leta, k ap di kijan pwogram nan ap dewoule.

Pati nan HRRP a ki rezève pou pwopriyetè yon sèl fanmi yo, ke yo trete nman dokiman sa a, se pou pwopriyetè yo. Pwopriyetè kay ki nan lwaye yo ka jwenn sèvis tou, men, gen lòt konsiy yo pibliye pou pwopriyetè kay ki nan lwaye yo. Ou ka jwenn konsiy sa yo sou www.rebuildflorida.gov.

Si yon konstriksyon gen pwopriyetè li ki rete ladan li epi li gen lokatè tou, lokatè yo ak gen posibilite pou re okipe kay sa a/yo lè yo fin ranje oswa rekonstwi avèk fon CDBG-DR yo. Deplasman lokatè sa yo ap pèmèt yo aplike Lwa sou Reenstalasyon Inifòm nan (sig an Anglè URA) ak tout lòt egzijans, restriksyon ak dewogasyon ki asosye ak li yo ki dekri nan Federal Register la, konsiy federal yo epi nan URA a menm.

Egzijans Federal pou prestasyon HRRP a konplike epi se yon pwosesis k ap fèt a plizyè etap (Imaj 1 ak 2) pou ka konfòme w a tout regleman e egzijans ki lye a sous fimansman yo. Pwosesis la gen ladan premye dokiman ak verifikasyon kondisyon ki pèmèt yo bay pwopriyetè kay ki kalifye sèvis. Rezilta faz dokimantasyon inisyal la se siyen yon kontra ak yon akò pou atribisyon.

Imaj 1: Etap Inisyal Demann Dokimantasyon



Jan yo montre sa nan Imaj 2 a, faz konstriksyon ak lè pou metew an règ la koresponn a moman lè yo bay yon pwopriyetè èd nan reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon gras a aktivite konstriksyon dirèk pwogram nan ap fè epi rezilta a se yon kay refèt. Aprè aktivite konstriksyon final yo epi lè peryòd konfòmite a fini, y ap klotire sibvansyon an.

Imaj 2: Konstriksyon ak Konfòmite



OBJEKTIF NASYONAL AK AKTIVITE KALIFIKASYON

Objektif Nasyonal ki apwouve pou HRRP nan enterè fwaye LMI yo. Avi Federal Register (FR-6066-N-01 ak 6109-N-01) egzije pou 70% fon pwogram nan reponn a Objektif Nasyonal LMI yo epi pou 80% tout fon yo depanse nan kominote ki plis touche e ki plis an difikile yo, jan sa idantifye nan avi Federal Register a (yo). Aktivite yo pèmèt nan kad pwogram sa a se:

- Reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman kay ki te kraze pandan pasaj siklòn Irma, tankou:
 - a) Rann kay la konfòm a kòd yo
 - b) Mezi Diminisyon Pèsonèl pou ka diminye enpak pwochen tanpèt yo
 - c) Elevasyon
- Fini travay nan kay ki te pasyèlman repare yo.
- Èd pou Lojman Tanporè ki baze sou bezwen pwopriyetè kay yo ak patisipasyon yo nan pwogram nan.
- Èd pou Lojman Tanporè ki baze sou bezwen lokatè yo ak patisipasyon yo nan pwogram nan. (Nan pati nan pwogram reparasyon ak ranplasman ki rezève pou kay yon fanmi ke se pwopriyetè a k ap viv nan kay la, nou atann nou ke li pa p fasil pou lokatè bezwen jan de èd s a, men si mande li, n ap ba yo li).

DEFINISYON

Zòn Inondab 100 lane Zòn inondab aprè yon inondasyon gen yon posibilite de 1% oswa plis pou li inonde pandan yon ane.

Revni Mwayen pa Rejyon (sig an Anglè AMI): Revni mwayen fwaye yo pou yon zòn adapte an fonksyon de gwosè fanmi an, jan sa pibliye epi aktyalize pa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) chak ane. Depi yo fin detèmine revni fwaye a, yo konpare li a limit revni HUD la pou gwosè fwaye a.

Aplikasyon: Tout moun ki mande èd nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Kay nan Florid la.

Elevasyon de Baz Inondasyon (Sig an Anglè BFE): Elevasyon de Baz Inondasyon, jan sa detèmine pa Ajans Federal Jesyon Ijans (an Anglè FEMA) lan, se relasyon ki genyen ant BFE a ak elevasyon yon konstriksyon. Yo itilize li pou konnen prim asirans pou inondasyon yo. Federal Register a fikse egzijans minimòm elevasyon pou kay ki ap resevwa èd finansye nan CDBG-DR epi ki bezwen yon elevasyon. HUD te detèmine ke estrikti ki fèt prensipalman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki lokalize nan plèn inondasyon santanal ki resevwa èd pou nouvo reparasyon konstriksyon oswa amelyorasyon sibstansyèl yo dwe fè etaj ki pi ba a nan yon wotè, ki gen ladan sousòl la, a omwen de pye pi wo pase BFE la .

CDBG-DR: Sibvansyon pou Devlopman Kominotè ak Relèvman lè gen Katastwòf (An anglè *Community Development Block Grant-Disaster Recovery.*)

Espas Komen Anba Kay: Sipèfisi komen total la anjeneral se andedan, espas kondisyon, epi pou kay a yon etaj, li egal a sipèfisi kay la. Tèm sa a sinonim a zòn ou chwazi a tou. Anplis de sa, espas deyò yo tankou pakin ak veranda, yo pa konte yo nan zòn elijib yo.

Estimasyon Reparasyon Konplete (sig an anglè CRE). Yo itilize CRE a pou verifye domaj Siklòn Irma te fè sou kay la epi ki reparasyon ki fèt deja. Yo kapab itilize estimasyon sa a pou verifye kijan yo itilize fon asirans lan oswa nenpòt lòt asistans federal pandan reparasyon yo aprè katastwòf yo, epi tou pou evite ou jwenn asistans plizyè fwa (an anglè DOB) si pata gen resi.

Evalyasyon Domaj: Pwosesis yo itilize pou verifye ke domaj ki nan kay la se Siklòn Irma tout bon ki lakoz yo epi evalye konbyen kòb epi ki kantite sa ap pran pou repare domaj sa yo nan kay la. Yo jwenn yon Estimasyon Reparasyon Konplete (an anglè CRE), si genyen, yon Estimasyon Kantite Travay (an anglè SWE) oswa yon Rapò Evalyasyon Valè Rezidansyèl (sig an anglè RVR).

Demolisyon: Demolisyon ak eliminasyon konstriksyon ki andomaje epi amelyorasyon.

Envalidite: Nan fen pwogram nan, “envalidite” konfòm a lwa federal selon Lwa Ameriken sou Sekirite Sosyal la, jan sa modifiye 42 U.S.C. §423(d) lwa 1990 sou Ameriken andikape yo, jan sa modifiye 42 U.S.C. §12102(1) -(3), epi konfòmeman a regleman HUD yo nan 24 CFR §§5.403 epi 891.505.

Diplikasyon Avantaj: Ap gen Diplikasyon Avantaj si Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Kay nan Florid la ede yon pwopriyete nan bagay sa yo (reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon) tankou nenpòt asistans finansye oswa an kalite bay yon pwopriyete kay pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon lakay li anvan. Rebuild Florida pa gen dwa kreye yon Diplikasyon Avantaj. Entèdiksyon sa a soti nan Lwa sou Èd lè gen Katastwòf ak Sejikou Dijans Robert T. Stafford la (Stafford Act) kidonk, lòt sous finansman sa yo dwe dedui nan nenpòt prim potansyèl.

Elevasyon: Tout estrikti yo, defini nan 44 CFR 59.1, ki fèt prensipalman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki nan plèn inondasyon santanal 1% (oswa 100 lane a) an ki resevwa èd pou nouvo reparasyon konstriksyon oswa amelyorasyon sibstansyèl yo jan sa defini nan 24 CFR 55.2 (b) (10), dwe fè etaj ki pi ba a nan yon wotè, ki gen ladan sousòl la, a omwen de pye pi wo pase 1% elevasyon inondasyon anyèl la. Estrikti rezidansyèl ki pa gen okenn inite lojman ni rezidans ki anba de pye pi wo pase 1% anyèl plèn

inondasyon an, yo dwe elve osswa pwoteje kont inondasyon selon kritè pwoteksyon kont inondasyon FEMA (44 CFR 60.3(c)(3)(ii)) oswa siksesè jiska omwen de pye pi wo pase 1% anyèl la. Elevasyon an ap fèt ak pout epi gwo pilye. Yo pa p aksepte pou mete ranblè pou ka rive jwenn wotè ou vle a.

Fanmi Yon kay ki gen pou pi piti de moun ki gen rapò. Tèm "fanmi" an gen ladan tou yonn oswa plizyè moun ki kalifye k ap viv avèk yon lòt moun oswa gwoup moun yo jije ki enpòtan pou swen oswa byennèt yo.

Federal Register: Jounal ofisyèl gouvènman federal Ameriken an ki gen regleman òmagis gouvènmantal yo, regleman pwopoze yo ak avi piblik yo. Li pibliye chak jou, sof nan jou ferye Federal yo. Yo fè yon Avi de Federal Register (FRN) lan pou chak sinis CDBG-DR la finance. FRN nan dekri règ ki aplike pou chak fon y ap distribye nan moman katastwòf yo.

FEMA-Zòn ki gen Gwo Risk yo Idantifye Zòn FEMA idantifye ki ekspozè a gwo domaj van ak/oswa ond tanpèt ka lakoz ak zòn ki twouve yo nan zòn inondab a 100 lane yo. Y ap idantifye sektè sa yo pandan yo pandan pwosesis egzamen anviwòmantal pou chak administrasyon k ap patisipe.

Fwaye: Yo defini yon fwaye kòm tout moun k ap viv nan menm kay, san okenn konsiderasyon de ki relasyon ki geyen ant yo. Moun yo gendwa se yon sèl, de oswa plizyè fanmi k ap viv ansanm, oswa tout lòt gwoup moun ki gen rapò oswa non ki pataje menm kay. Nan ka aktivite lojman yo, kritè pou atenn objektif de Revni fèb a Mwayen an base sou LMI fwaye yo.

HUD: Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini.

Ogmantasyon Kou Konfòmite (sig an anglè ICC): Konstriksyon inondasyon andomaje yo ka gen nesosite pou reponn a kèk egzijans konstriksyon pou diminye risk ki genyen pou yo retounen andomaje ankò anvan konstriksyon sa a repare oswa rekonstwi. Pou ede kouvri depans sa yo, Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an (sig an anglè NFIP) prevwa Ogmantasyon kouvèti Kou Konfòmite yo pou tout polis asirans pou inondasyon nòmal oswa nouvo. ICC se yon potansyèl sous Diplikasyon Benefis.

Mezi Kontwolè endividyèl (sig an anglè IMM): Aktivite ki fèt pou limite api/oswa risk yo parapò a kondisyon pre-dezas nan yon inite lojmanlè aktivite yo depase egzijans federal yo, egzijans eta oswa lokal an matyè de konstriksyon oswa kòd. Selon prensip HUD la, reparasyon kay ak pèman asiras inondasyon yo pa antre nan kad aktivite IMM yo. Egzanp aktivite IMM se: elevasyon pi wo nivo elevasyon inondasyon baz la oswa adisyon panno tanpèt, fenèt pou resiste a dezaz, sang pou do kay, elatriye depi amelyorasyon sa yo pa gen obligasyon pou konfòme yo ak kondisyon kòd lokal yo epi yo pa egziste sou inite lojman an anvan domaj katastwòf la lakoz yo.

Objektif nasyonal Revni Fèb a Modere: Aktivite ki benefisye pa lokatè ki gen total revni brit ki pa depase 80% Revni Mwayen pa Rejyon (sig an Anglè AMI), ajiste pou gwosè fanmi an. Kalifikasyon revni pral detèmine epi verifye an akò avèk ortantasyon HUD la. Limit revni ki pi resan HUD la pibliye chak ane yo ap sèvi pou verifye kalifikasyon revni chak fwaye ki bezwen èd nan moman y ap bay èd yo.

- **Ekstrèmeman Ba:** Revni anyèl kay la se jiska 30% nan revni fanmi mwayen zòn nan, jan HUD detèmine li, ajiste pou gwosè fanmi an.
- **Trè Ba:** Revni anyèl kay la se ant 31% e 50% nan revni fanmi mwayen zòn nan, jan HUD detèmine li, ajiste pou gwosè fanmi an.
- **Ba:** Revni anyèl kay la se ant 51% e 80% nan revni fanmi mwayen zòn nan, jan HUD detèmine li, ajiste pou gwosè fanmi an.

Inite lojman mobil/fabrike (sig an anglè MHU): Konstriksyon transpòtab nan yonn oswa plizyè seksyon nan mòd depasman an, ki gen yon lajè de 8 pye oswa plis epi yon longè de 40 pye oswa plis; lè yo kanpe

li yon kote ki gen yon sipèfisi de 320 pye kare pou pi piti, epi ki bati sou yon chasi pèmanan epi ki fèt pou itilize kòm kay ki gen yon fondasyon pèmanan ou non lè ki konekte a sèvis nesèsè yo epi ki gen sistèm plonbri, chofaj, klimatizasyon epi kouran ladan li. Pafwa yo konn rele yo kay mobil.

Lojman Modilè: Yon kay bati an seksyon nan yon faktori pou respekte kòd konstriksyon eta a, lokal oswa rejyonal yo. Depi yo fin monte li, yo enslave inite modilè a yon kote san yo pa janm retire li. Pwogram nan ap trete kay modilè yo kòm konstriksyon tradisyonèl, an chantye oswa an bwa.

Zòn ki Pi Touche epi An Detrès (sig an Anglè MID): Zòn ki pi touche yo jan HUD oswa eta a idantifye yo ak pi bon sous done ki disponib yo pou ka kalkile ki kantite dega yon katastwòf lakoz. Zon yo idantifye kòm zòn MID yo se konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, Volusia; ZIP kòd 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Zòn MID Eta a idantifye yo genyen tou konte ki resevwa Èd Pèsonèl (AI) e Èd Piblik (PA) alafwa pa entèmedyè Ajans Federal Jesyon Ijans (sig an anglè FEMA).

NFIP: Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon. Lè pwogram nan fè referans a NFIP nan kontèks kalifikasyon oswa Diplikasyon Avantaj yo, li fè referans a asirans inondasyon prive ak piblik ki kouvri reparasyon estriktirèl ki se rezilta domaj inondasyon.

Pa apwopriye pou reyabilitasyon: DEO defini ekspresyon "pa rekòmande pou reyabilitasyon" kòm yonn nan de definisyon annapre yo:

1. Pwopriyete rezidansyèl ki te fè eksperyans pèt repetitif nan Pwogram Asirans Nasyonal kont Inondasyon (NFIP).
2. Kay yo konsidere ki pa konfòm a nòm yo e ki pa reponn a nòm reparasyon nan pwogram rekiperasyon ak/oswa egzijans kòd federal, nan pwovens oswa kòd lokal yo, yo pap konsidere ke yo pa apwopriye pou yo repare, jan pwogram nan detèmine sa epi an konfòmite a règleman pwogram nan. Yo ka etabli detèminasyon an sou baz kalkil ke pri pou fè reparasyon se prèske oswa depase pri a rekonstriksyon an.

Asirans Domaj: Asirans ki kouvri reparasyon estriktirèl nan kay aprè yon van, dife, lagrèl, lapli, tònad, siklòn oswa dezaz natirèl ki pa inondasyon.

Rekonstriksyon: Demolisyon, anlèvman oswa eliminasyon yon kay ki egzoste e ranplasman kay sa a sou menm teren an, nan menm anplasman an pa yon nouvo kay ki reponn a kòd Rezistans Entènasyonal (sig an anglè IRC) yo, jan Kòd Florid la mande sa. Kantite inite ki nan lo a paka ogmante epi sipèfisi total estrikti orijinal rezidans prensipal ki gen pou konstwi a an pye kare pa gendwa depase, men kantite pyès nan yon inite gendwa ogmante oswa diminye.

Titilè: Tout moun ki enskri nan pwogram nan.

Enskripsyon: Premye etap yon pwopriyete kay dwe franchi pou chache benefis nan pwogram nan. Enskripsyon sa bay yon titilè priyorite pou fè yon demann si kondisyon kalifikasyon debaz yo reyini. Sa a diferan ni li pa gen rapò ak aplikasyon an.

Reyabilitasyon: Reparasyon oswa restorasyon nan inite lojman nan zòn sinistre yo konfòmman a kòd e nòm konstriksyon ki aplikab yo.

Ranplasman: Demolisyon, eliminasyon ak ranplasman yon MHU ki domaje ak yon nouvo MHU nan menm sipèfisi a oswa yon nouvo kote, si inite orijinal domaje a te sou yon tè ki te lwe epi pwopriyete MHU a dwe deplase nan yon nouvo anplasman. Deplasman yon nouvo MHU pral mande pou plis revizyon anviwònman an.

Rapò Evalyasyon Valè Rezidansyèl (sig an anglè RVR): Lè yon konstriksyon deja demoli oswa yo pa kapab evalye li pou reparasyon, ni yo paka prepare yon Estimasyon Kantite Travay, yo dwe prepare yon Rapò Evalyasyon Valè Rezidansyèl. Rapò sa a pèmèt ou jwenn enfòmasyon ki disponib sou konstriksyon ki te la anvan epi pou jwenn yon evalyasyon apwoksimatif rekonstriksyon kay la.

Aktivite Lokasyon: Reparasyon lojman pou lokasyon abòdab nan kay kote omwen 51% lojman yo se moun LMI ki okipe yo. Yo aplike restriksyon revni ak lwaye sou tout kay ki pou lwe ki jwenn nan fon CDBG-DR la. Pwopriyetè kay pou lwe yo kalifye dapre HRRP. Konsiy pou pwopriyetè lokatè yo nan yon lòt dokiman.

Estimasyon Kantite Travay (sig an anglè SWE): Yon estimasyon byen detaye de domaj yo obsève pandan yon vizit kay yon pwopriyetè ki di ki kantite materyo ak travayè li bezwen pou fè reparasyon domaj ki konstate yo.

Dezyèm Kay: Pwopriyete ki te sèvi kòm dezyèm kay nan moman katastwòf la, oswa apre dezaz la, yo pa kalifye pou jwenn èd reparasyon oswa sibvansyon pou lojman. Yon dezyèm kay defini kòm yon kay ki pa rezidans prensipal pwopriyetè a, yon lokatè oswa nenpòt ki okipman nan moman tanpèt la oswa nan moman aplikasyon pou asistans lan. HUD te etabli yon kondisyon altènatif pou dezyèm kay ki ka pèmèt yo jwenn èd nan sikonstans limite kowòdone ak HUD.

Kay ki fèt an bwa: Yon kay ki te bati snan yon plas avèk materyèl e metòd konstriksyon tradisyonèl yo.

Subrogation: Subrogation se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun pran sou dwa yon lòt. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon pres dezaz, yon pwopriyetè kay dwe antre nan yon akò subrogasyon kote ajans finansman (DEO) gen dwa pou kolekte tout rekiperasyon aprè dezaz oswa pèman asirans pwopriyetè kay resevwa pou domaj Irma apre pwopriyetè a fin siyen yon akò sibvansyon pou avantaj HRRP yo.

Gwo Amelyorasyon: Jan li defini nan 24 CFR 55.2 (b) (10) e jan li aplikab pou HRRP a, amelyorasyon sibstansyèl vle di nenpòt reparasyon, rekonstriksyon, modènizasyon oswa amelyorasyon nan yon konstriksyon ki koute plis ou egal a 50% valè kay la sou mache a, swa anvan amelyorasyon an oswa reparasyon an te kòmanse, oswa si kay a te domaje epi yo te retabli li anvan domaj ki te fèt la. Desizyon pou gwo amelyorasyon yo pran pa responsab lokal ki chaje pou fè aplikasyon kòd, pèmi, konstriksyon ak/oswa plèn inondab. Pwogram sa a ap konfòme li a desizyon sa yo.

1.2 Limit Revni HUD

HUD pibliye limit revni yo chak ane. HRRP ap itilize limit revni HUD pibliye an 2018 la epi l ap aktyalize tab revni pwogram nan chak ane lè HUD mete nouvo tab revni yo an vigè. Limit revni yo nan Anèks A Limit Revni HUD.

1.3 Egzijans Pwogram

1. Tout aktivite lojman nan kad HRRP ap reponn a Objektif Nasyonal selon estati otorizasyon pwogram CDBG a an favè moun LMI yo, oswa omwen 70% fon moun sa yo benefisyè.
2. Yo trete dosye Pwopriyetè ki mande èd aprè katastwòf yo pa òd de priyorite an fonksyon de kritè etablisman priyorite nan seksyon 1.6 gid sa a. Gwoup demografik LMI yo ap finanse a omwen 70% de total fon ki disponib yo (eksepte fon planifikasyon ak administrasyon yo). Kritè ki gen priyorite yo detaye nan Seksyon 1.6.

Gwoup demografik LMI yo se:

- a) 0%-30% AMI Ekstrèmeman Ba
 - b) 31%-50% AMI Trè Ba
 - c) 51%-80% Ba
3. Pwopriyete kay la dwe reponn a estanda elijiblite pou kalifye pou asistans. Estanda kalifikasyon yo diskite nan Pati 2 dokiman sa a.
 4. Pwopriyete a dwe pase yon revizyon anviwonman federal. Pa gen okenn konstriksyon ka antreprann jiskaske revizyon an anviwonman an fini.
 5. Pou aktivite asistans, yo dwe demontre ke domaj nan konstriksyon an se rezilta dirèk Siklòn Irma. Detay domaj yo nan Pati 2 dokiman sa a.
 6. Yo ta dwe fè yon evalyasyon domaj/estimasyon kantite travay (sig an anglè SWE). Evalyasyon domaj la dwe byen detaye pou w ka jwenn òf oswa pou ka estime pri a. Reparasyon rezidans lan dwe mete pwopriyete a an konfòmite avèk kòd sante, sekirite e konstriksyon lokal yo epi pase yon enspeksyon Nòm Kalite Lojman. Depans pou pwojè a dwe rezonab epi li dwe koresponn a mache aktyèl la pou pwojè ki gen menm dimansyon an.
 7. Pwojè a dwe respekte tout kondisyon federal, eta ak lokal ki aplikab yo.

1.4 Enskripsyon

Enskripsyon se premye etap yon moun ka franchi pou chèche benefis nan HRRP. Enskripsyon yo pral ouvri pou yon peryòd de 90 jou pou pi piti. Remake byen ke enskripsyon se pa aplikasyon an. Kèlkeswa kantite moun ki nan yon kay, ka gen sèlman yon sèl enskripsyon pou chak kay. Y ap fèmen dosye moun ki enskri de fwa yo pou ka gen sèlman yon enskripsyon pou chak adrès konstriksyon ki aktif.

Yap chwazi yon Plan kominikasyon Estratejik ap defini kijan y ap sible moun pou sansibilizasyon ak enskripsyon. Si delè 90 jou a pa ase pou jwenn kantite enskripsyon ki nesèsè pou reponn kantite aplikasyon priyore ki nesèsè pou depanse lajan yo, DEO ka pwolonje peryòd sansibilizasyon an pou yon lòt peryòd tan. Si peryòd sansibilizasyon ak enskripsyon an ap depase 90 jou, y ap anonse sa sou paj web Rebuild Florida a www.rebuildflorida.gov epi jan sa ekri nan revizyon Plan Estratejik Kominikasyon yo.

Enskripsyon an mande pou soumèt enfòmasyon debaz sou titilè a, moun ki nan kay li epi pwopriyete li te domaje nan Siklòn Irma a. Pwosis enskripsyon an pèmèt DEO evalye kantite pwopriyete kay ki genyen epi antame pwosis definisyon priyore a. Depi yon fi n defini priyore yon kantite titilè, DEO ap kòmanse envite titilè yo pou bay plis enfòmasyon nan pwogram nan. Titilè ki gen priyore yo, y ap envite yo aplike avan sa ki pa t priyore yo.

Tout moun ki enterese mande èd nan HRRP dwe enskri dabò. Yon moun ka enskripou pwogram lan si l:

- Kontakte Rebuild Florida nan 1-844-833-1010.
- Ale sou www.RebuildFlorida.gov.
- Vizite yon sant Rebuild Florida.
- Ale nan yon aktivite sansibilizasyon lè sa ap fèt nan kominote w la.

Y ap anonse a kilè biwo Rebuild Florida yo ouvè epi ki kote yo ye pandan aktivite santibilizasyon yo epi y ap poste yo sou sit entènèt Rebuild Florida a. Aktivite santibilizasyon yo ap anonse sou sit entènèt Rebuild Florida a epi y ap anonse sou medya lokal ki afilye e asosye avèk nou yo tou. Sansibilizasyon an ap fèt pandan tout peryòd enskripsyon an.

1.5 Aplikasyon

- Se sèlman si w ranpli e soumèt fòmilè demann ofisyèl HRRP Rebuild Florida a, ki gen ladan soumisyon tout dokiman sipò yo, yo pral konsidere kòm aplikasyon pou benefis pwogram lan.
- Nenpòt moun ki te gentan soumèt yon aplikasyon pou mande èd rekiperasyon dezans nan yon ONG, ajans federal, leta oswa lokal ap bezwen soumèt yon lòt aplikasyon espesyalman pou HRRP Rebuild Florida.
- Soumisyon yon fòmilè kòmantpe piblik oswa lòt dokiman ekri ki gen rapò a domaj pandan reyinyon oswa odyans piblik yo, HRRP Rebuild Florida pa konsidere yo kòm demann.
- Kèlkeswa kantite moun ki nan yon kay, ka gen sèlman yon sèl aplikasyon pou chak kay. Y ap fèmen dosye moun ki aplike de fwa yo pou ka gen sèlman yon aplikasyon pou chak adrès konstriksyon ki aktif.
- Anplwaye pwogram lan ap sètifye ke ou kalifikasyon pou asistans pa anvan yo debloke fon pou yon aktivite oswa benefisyè.
- Pwopriyetè kay yo pa benefisye asistans, men y ap sèvi selon lajan ki disponiblite ak kalifikasyon yo pou benefis.
- Nenpòt moun ki enterese gen enfòmasyon sou pwogram nan, y ap ba li yon twous pou li ranpli, men y ap aksepte demann yo sèlman pandan peryòd sansibilizasyon ki pibliye a oswa jiskaske jwenn kantite demann yo te swete resevwa a. Yo ka ouvè lòt peryòd enskripsyon aprè sa pral depan de disponiblite finansman an epi bezwen ki genyen pou yo kalifye lòt pwopriyetè kay.
- Y ap envite Pwopriyetè kay yo pou aplike sou yon baz priyorite, jan sa dekri nan Seksyon 1.6 la.

1.6 Orè Priyorite

Rekonèt ke \$346 milyon dola ki afekte pou kay se pwopriyetè yo ki ladan yo ak kay ki nan lwaye yo gendea pa p gen chans reponn a tout bezwen yo, moun ki riske ak sa ki vilnerab yo ka p gen priyorite. Omwen 70% fon pwogram nan dwe atenn objektif nasyonal revni fèb e modere a. Fwaye ki gen LMI ak yonn nan karakteristik sa yo oswa plis ap klase pa òd de priyorite epi trete nan lòd yo te fè demann yo:

- Kay ki gen moun ki gen 62 lane oswa plis
- Kay ak timoun ki gen senk lane oswa mwens
- Kay ki gen bezwen espesyal oswa egzijans aranjman espesyal (andikape)

Kay ki nan LMI ap gen priyorite sou kay ki pa nan limit LMI. Kay ki gen yon revni ki siperyè a 120% AMI pa p kalifye pou pwogram sa a.

Anplis de sa, DEO asire l ke sèvis depasman ak transpò yo aksesib atravè yon kanpay sansibilizasyon konplè e sant admisyon mobil pou yo asire yo ke tout kay yo gen menm chans pou fè yon demann.

Toutotan akò sibvansyon yo ap pwoche de obligasyon total fon pwogram nan, DEO a ap analize rès fon pou pwopriyetè kay yo epi yo ka chwazi yo bay finansman de yon pwogram a yon lòt oswa mete pwopriyetè ki rete yo sou yon lis datant jiskaske yo fin trete pwopriyetè ki gen priyorite yo e yn fin reponn a bezwen yo. Toutotan n ap siveye pwodiksyon demann nou resevwa nan kad pwogram nan, DEO ka chwazi ajiste pousantaj finansman oswa re afekte fon adisyonèl ki te nan lòt pwogram ki gen mwens patisipasyon pou ka ede plis pwopriyetè ki kalifye e ki bezwen èd HRRP.

1.7 Pwogram Edikasyon

Y ap fè yon pwogram edikatif pou tout pwopriyetè yo pou ka esplike yo detay pwogram nan, pwosesis aplikasyon an, kalifikasyon ak kritè kalifikasyon pou priorite yo, enpak aksepte yon prim, kondisyon pou konfòmite apre yo te fin fè aktivite yo, ak obligasyon alontèm ke finansman sa a angaje. Pwosesis edikasyon pou pwogram yo pral prezante nan yon dokiman apa.

1.8 Konstriksyon Elijib

Konstriksyon Elijib pou HRRP Rebuild Florida gen kay an bwa pou yon fanmi ak kay mobil pre fabrike (MHU). Konstriksyon sila yo kalifye depi yo anba menm espas konstriksyon ki domaje a epi si li enstale yon kote fiks.

- ✓ Inite lojman mobil/fabrike (MHU) yo kapab elijib pou reparasyon nan pwogram sa a. Men pou l ka pi rantab, MHU y ap refè a pa dwe gen plis ke senk lane depi l fèt nan moman asistans lan epi kantite kòb ki nesèsè pou reparasyon an pa dwe depase \$15,000 (depans konstriksyon reyèl e endirèk). Nenpòt MHU ki gen plis ke senk lane epi kantite kòb ki nesèsè pou reparasyon an depase \$15,000 dwe ranplase pa yon lòt MHU. Si li repare, MHU a dwe respekte Estanda Kalite Lojman (asig an anglè HQS) an lè li fini. MHU ki ranplase yo ap respekte nòm konstriksyon dirab e aplikab yo. Pwogram nan ap respekte egzijans lokal yo an matyè de zonaj ak kòd.
 - a) Yon konstriksyon kote nenpòt pòsyon nan kay la konpoze de yon MHU, kèlkeswa kantite bagay ou ajoute oswa modifikasyon ou fè, y ap konsidere l pou reparasyon oswa ranplasman sou yon baz ka-pa-ka.
- ✓ Kondominyòm, lokatè ak lòt inite kote pwopriyetè yo rete ki pataje yon mi an komen kapab se tip konstriksyon ki kalifye. Men, gendwa gen lòt restriksyon ki gen rapò ak zòn komen nan konstriksyon sa yo.
- ✓ Diplex, triplèks ak kwadspex se tip de konstriksyon yon sèl fanmi ki kalifye nan kad pwogram HRRP a, a kondisyon pwopriyetè kay la ap viv nan yonn.
- ✓ Kay yo itilize pou rezon rezidansyèl ak komèsyal yo pral konsidere pou kalifikasyon sou yon ka-pa-baz.
- ✗ Pakin, remiz ak depandans ki pa atache a kay la yo pa p repare yo. Amelyorasyon yo dwe fizikman atache nan kay la epi yo dwe pou tout tan.
- ✗ Veyikil lwazi ak karavan rezidansyèl ki itilize kòm rezidans yo pa admisib nan pwogram nan.
- ✗ Bato kay ki itilize kòm rezidans yo pa admisib nan pwogram nan.
- ✗ Dezyèm kay yo pa kalifye pou pwogram reparasyon ak ranplasman kay yon fanmi yo jan sa dekri nan gid sa a; men yo kapab kalifye nan pwogram lokasyon an (gid pwogram apa) si dezyèm kay la konvèti an kay pou lwe abòdab sou rezèv peryòd abòdabilite ki nesèsè a. Yo pral evalye eksepsyon limite sa a sou yon baz ka-pa-ka epi yo pral mande apwobasyon HUD.
- ✗ Pwopriyete lokasyon pa sezon, a kout tèm e pou vakans yo pa kalifye pou èd.
- ✗ Inite Lojman ki kote règleman federal la pa pèmèt asistans federal, tankou inondasyon, oswa nan zòn pist yon ayewopò sivil oswa militè yo pa kalifye.

1.9 Kalite Asistans yo Ofri

Yo ka pwopoze pwopriyete kay pou yo repara l selon kantite domaj kay la genyen. Ranplasman MHU yo ap limite nan sitiasyon kote pèmi zonaj / konstriksyon lokal, oswa kondisyon federal, tankou règleman anviwonman, ap pèmèt ranplasman orijinal ki domaje nan siklòn nan pa yon ki menm janm an.

Etan done li ka nesesè pou pwopriyete yo retire bagay pèsònèl yo lakay yo pandan peryòd reparasyon an, DEO ap bay èd sou yon baz ka pa ka pou sa. Èd tanporè reestablisman an gen pou chèche konnen si pwopriyete a fè pati yon popilasyon ki gen priorite nan pwogram nan epi si resous pwogram nan disponib. Men kòm se yon pwogram volontè, frè establisman tanporè moun yo ak byen yo se pwopriyete a k ap kouvri yo, a mwen ke li pwouve ke li paka peye yo. Gade Règleman Asistans Pwovizwa Tanporè yo nan Seksyon 1.10.

Pwogram sa a pa p peye pou yon ranplasman sanblab a ansyen an. Pwogram nan ofri komodite bazik nòmal kote kondisyon sante a reyini, sekirite garanti epi y ap evalye tout amelyorasyon yo pou verifye ke yon respekte nòm HUD ki nan Seksyon 8 Estanda Kalite Lojman (HQS) ak kòd konstriksyon lokal yo. Ekipman estanda ki pa fonksyone nan moman enspeksyon tankou frijidè, recho ak/oswa fou yo kapab ranplase. Atik liksye, ki gen ladan men pa limite a, kontwa an granit (oswa lòt bon kalite), aparèy elektwomènaje, sòl an pyè, manch pòt garaj, sistèm sekirite, pisin, kloti ak antèn parabolik pou televizyon pa admisib dapre HRRP la. Machine a lave ak sechwa paka ranplase.

Lè yo endike ranplasman yon MHU oswa yon inite modilè, y ap ofri w pou gen etaj. Si yo bay yon kay ranplasman, MHU orijinal la oswa inite modilè a dwe demoli epi retire l anvan yo ranplase konstriksyon sa a. Y ap detèmine gwo inite ranplasman an gras a Nòm Okipasyon HUD yo.

Paramèt amelyorasyon siplemantè yo genyen:

- Mesi ak amelyorasyon enèjetik rantab ki respekte zonaj ak kòd zonaj lokal yo, Nòm Sekirite ak Sante (sig an anglè DSS) oswa Estanda Kalite Lojman (HQS), espesyalman amelyorasyon sa yo ki ogmante rezilyans lan, tankou elevasyon konpozan elektrik yo, sang pou do kay ak lòt bagay ki kalifye.
- Verifikasyon, rediksyon oswa estabilizasyon penti a baz plon, lè sa nesesè. Si yon kay dwe ranplase oswa rekonstwi, yo pa p aplike analiz penti a baz plon an. Ranplasman/rekonstrikasyon an nan pwopriyete a ap lakoz otomatikman eliminasyon tout risk anvan yo.
- Analiz, rediksyon oswa anvlopman amyant lè sa nesesè.
- Tès mwazi ak ratrapaj, lè sa nesesè.
- Egzijans konfòmite ki an rapò a Istorik achitektiral Seksyon 106 yo enpoze pa Seksyon Konfòmite ak Revizyon Biwo Prezèvasyon Istorik, lè sa nesesè.
- Fonksyon Aksesibilite pou bezwen espesyal dokimante. Reparasyon kay moun ki gen bezwen espesyal oswa granmoun aje (laj 62 oswa plis) yo abite yo dwe analize an fonksyon de bezwen fizik espesyal moun sa yo. Amelyorasyon tankou elajisman pòt, ranp ak antre yo, yo dwe enstale ba pou apiye nan douch, si yo jije li nesesè. Yo ta dwe konsidere tou moun ki gen pwoblèm wè ak tande. Tout kondisyon bezwen espesyal yo dwe dokimante anvan apwobasyon.
- Aparèy estanda yo limite a frijidè, recho ak/oswa fou si yo pa fonksyonèl nan moman enspeksyon an. Menm si aparèy ranplasman yo kapab nan estanda, pa kalite liksye, yo dwe kalifye EnergyStar®, si sa disponib.
- Ventilasyon ak atik efikasite enèjetik tankou ventilatè plafon, ekran fenèt ak pòt si manke oswa yo pa fonksyonèl nan moman enspeksyon.

- Elevasyon ak etaj ki fini pi ba a twouve li a de pye pi wo pase nivo elevasyon baz inondasyon an pou kay plèn inondasyon santanal ki sibi gwo domaj, to te amelyore, rekonstwi oswa ranplase. Egzijans ki gen rapò a wotè elevasyon yo detèmine pa Avi Federal Register a.
- Tout eleman elektrik yo dwe enspekte tankou sèvis, kontè, fil elektrik ak enstalasyon menm si pa gen okenn travay elektrik yo te espesifye. Eleman ensekirite yo dwe ranplase. Tout kouran ekspoze, switch ak anpoul nan pyès yo dwe an sekirite.
- Tout kay yo dwe gen detektè lafimen ak monoksid kabòn enstale an jan kòd yo mande sa.
- Lòt depans ki asosye tankou konstriksyon ekolojik ak kondisyon alèjman, asirans, modifikasyon aksè, reparasyon oswa ranplasman tiyo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo gen dwa enkli ladan li.

1.10 Asistans Relokalizasyon Volontè

Pwogram lan ap bay depo tanporè sou plas pou chak pwopriyetè kay ki dwe retire afè pèsone nan kay la pandan peryòd konstriksyon an. Règleman HRRP se pou bay asistans relokasyon tanporè pou pwopriyetè kay ki enskri nan HRRP ki dwe kite kay yo akòz aktivite konstriksyon lè li enposib pou pwopriyetè a kite byen li oubyen sa lakoz li gen pwoblèm. Asistans relokasyon tanporè pral konsidere sou yon baz ka-pa-ka. Faktè HRRP ap konsidere pou detèmine disponiblite asistans relokasyon an pral gen ladan mèt kay oswa laj moun nan kay la, estati andikap, nivo revni (ekstrèmman ba, trè ba, epi ba) ak lòt resous ki disponib pou pwopriyetè kay la.

1.11 Estanda Konstriksyon

HRRP ap itilize metòd konstriksyon ki konsantre sou kalite, dirabilite, efikasite, enèjetik epi k ap gen rezistans ki pa p swente. Tout reyabilitasyon, rekonstrikasyon ak nouvo konstriksyon pral fèt pou enkòpore prensip dirabilite, tankou dlo ak efikasite enèjetik, rezistans ak diminisyon kont enpak dezaz a lavni. HRRP pral aplike e kontwole rezilta konstriksyon yo pou asire sekirite rezidan yo e kalite kay yo jwenn nan pwogram nan. Tout inite lojman repare oswa ranplase yo dwe respekte Estanda Kalite Lojman HUD yo. Asistans lojman yo bay nan pwogram lan pral bati avèk anfas sou metòd ak meteryo konstriksyon de kalite siperyè, dirab, dirab ak e ki pa konsome anpil enèji.

Men sa yo enkli estanda minimòm sa yo:

- Nòm konstriksyon yo ap baze sou Kòd Konstriksyon Florid la epi yo dwe reponn oswa depase egzijans ki aplikab yo.
- Konstriksyon yo ap konfòm avèk *Florida Green Building Standard* pou tout nouvo kay ap rezidans e pou ranplasman batiman rezidansyèl ki sibi gwo domaj (sa vle di lè depans pou reparasyon yo depase 50% kou ranplasman an) nan kad *Florida Green Building Coalition*.
- Pou pwojè reparasyon yo, eta a pral swiv Lis Kontwòl pou Modènizasyon Batiman Ekolojik yo nan limit ki kabap nan travay reparasyon l ap fè yo. Sa enkli itilizasyon pwodwi rezistan a mwazi pandan ranplasman sifas tankou klwazon sèch yo. Lè yo fin ranplase pwodwi ki pi ansyen oswa obsolè yo kòm yon pati nan travay reparasyon an, yo dwe itilize pwodwi ak aparèy ki make ENERGY STAR, WaterSense, oswa Pwodwi ak Akarèy ki chwazi pa Pwogram Federal Jesyon Enèji, oswa lòt ekivalan, lè sa posib.
- Inite Lojman ki jwenn finansman CDBG-DR yo dwe respekte tout kòd lokal e rejyonal yo, nòm reparasyon yo, òdonans ak òdonans zonaj yo nan moman finisman pwojè a. Tout anomali yo idantifye nan enspeksyon final la dwe korije anvan peman final la libere.

1.12 Nòm Aksesibilite

Pwopriyete kay ki gen andikap fizik oswa pwopriyete ki gen yon noun nan kay li ki andikape ka gen dwa pou konsiderasyon konstriksyon anplis tankou douch amenaje, kontwa ba, lavabo pedestal, ba pou apiye nan twalèt, pòt antre laj oswa lòt karakteristik aksè ki ap reponn a bezwen fonksyonèl moun nan. Pwogram lan pral evalye kalifikasyon pou karakteristik sa yo sou yon baz ka-pa-ka.

1.13 Plafon Alokasyon ak Èd pou Lojman

Yo retire yon total de \$346,186,147 pou HRRP a. Alokasyon sa a ka ogmante oswa diminye selon demann pou pwogram lan ak amannman nan Plan Aksyon an, osi byen ke apwobasyon HUD. Asistans pou chak pwopriyete pa depase \$150,000. Tout depans konstriksyon (depans fiks ak akseswa), mezi alèjman, depans elevasyon, amelyorasyon sit ak kondisyon estanda konstriksyon (poubèl, twalèt pòtab, divèjans) yo enkli nan plafon an. Eksepsyon yo pral konsidere sou yon baz ka-pa-ka.

Pwojèt yo gendwa pa ateri pou plizyè rezon, tankou si pwopriyete a soti nan pwogram nan, si pwopriyete a refize prestasyon an, men yo pa limite a sa yo sèlman. Si yon pwopriyete ta dwe sibi yon revizyon anviwonmantal ak tès danje, men konstriksyon an pa rive fèt, frè sa yo (menm jan ak nenpòt lòt depans livrezon pwojè) ap rete depans livrezon pwojè a.

1.14 Fezabilite Analiz Reparasyon

Kòm yon benefisyè nan fon Federal, DEO ap veve pou ke depans pou aktivite yo rezonab ak nesèsè. Se poutèt sa, chak pwopriyete evalye nan HRRP a, yo pral analize pou wè si yo ka fèt. Bidjè preliminè a, ki rele Estimasyon Kantite Travay(SWE), y ap prepare l pou endike pri potansyèl demolisyon, elevasyon, ak reparasyon oswa ranplasman an, jan sa apwopriye. SWE a ap gen ladan depans pou tout lòt alèjman ak kondisyon pou aksesibilite.

Pwopriyete ki gen reparasyon ak/oswa estimasyon pri elevasyon ki rive oswa depase 75% yon rekonstriksyon konparab oswa kay ranplasman jan yo detèmine pa pwosedi fonksyonman ak regleman estanda ap bay pwopriyete kay opsyon pou chwazi yon kay rekonstwi oswa ranplase. Pwopriyete ki gen reparasyon ak/oswa estimasyon pri elevasyon ki rive oswa depase yon rekonstriksyon oswa ranplasman kay ki konparab ak li ap limite a rekonstriksyon oswa ranplasman kòm yon opsyon a pi bon pri. Sitiyasyon kote yo pral mande pou ranplasman, rekonstriksyon ak/oswa elevasyon dwe gen ladan yo:

- Kay ki te deja demoli ka ranplase oswa rekonstwi.
- Kay ki kondane (make an wouj) pa jiridiksyon lokal la ka ranplase oswa rekonstwi.
- Kay estrikti yo pa garanti enskirite oswa ki gen lòt pwoblèm ki fè enspeksyon enteryè pa anplwaye pwogram an sekirite oswa enposib ka ranplase oswa rekonstwi.
- Jan Plan Aksyon an endike sa, li enposib pou repare yon Inite lojman mobil/fabrike (sig an anglè MHU ki gen plis pase 5 lane ak/oswa avèk plis pase \$ 15,000 depans pou reparasyon Siklòn Irma pa posib epi ranplasman an garanti.
- Si yon jiridiksyon lokal te bay yon detèminasyon domaj sibstansyèl pou yon kay ki andedan plèn inondasyon santanal la, yo pral rekonstwi epi elaji kay la.
- Si yon jiridiksyon lokal te bay yon detèminasyon domaj sibstansyèl pou yon kay ki andedan plèn inondasyon santanal la, yo pral rekonstwi epi elaji kay la.

- Kay sou dal ki bezwen elevasyon yo, y ap rekonstwi yo epi mete yo pi wo. Reparasyon pa p yon opsyon.
- Inite kay mobil ki pral mande elevasyon anplis wotè enstalasyon estanda a pral ranplase ak yon inite lojman modilè ki wo konf[omeman a nòm pwogram nan.

1.15 Repons Pwopriyetè Kay

Pandan pwosesis Aplikasyon an, yon pwopriyetè kay oblije reponn nan yon tan apwopriye ak demann enfòmasyon/materyèl pou konplete pwosesis elijiblite a pwogram fè li. A okenn moman, yon demann enfòmasyon pa gendwa rete san repons pou plis pase 30 jou laborab. Si mèt kay la bezwen yon pwolongasyon, yon klarifikasyon oswa asistans, yo ka mande asistans nan espas 30 jou. Si pwopriyetè kay la pa bay enfòmasyon/materyèl yo mande yo oswa li pa mande yon pwolongasyon oswa asistans, y ap konsidere aplikasyon sa a an atant jiskaske yo bay enfòmasyon yo.

Si yon pwopriyetè pa reponn ankò, y ap fèmen aplikasyon an. Tèm "Pa Reponn" nan defini kòm pa egzanp si aprè twa apèl ki ranvwaye oswa ki rete san repons, pa reponn a demann ki fèt alekri nan delè pwogram nan. Fèmti yon aplikasyon akòz de repons ki pa janm resevwa ka re konsidere yon sèl fwa. Si yon kont te fèmen ou mande ou reouvri li epi li reaktive, si li re fèmen ankò akòz de repons ki pa janm resevwa, li pa p ka ouvri ankò.

Yon eksepsyon ki fèt a sa ki di pi wo a se pou eliminasyon tit ekstrajidisyè, lanmò oswa maladi yon pwopriyetè, epi yo ka detèmine sou yon baz ka-pa-ka. Pwopriyetè ki gen tit ekstrajidisyè yo gen yon delè jiska yon lane pou rezoud pwoblèm yo. Yo ka mande pwopriyetè kay la rapò mansyèl sou avansman eliminasyon tit la.

1.16 Reponsabilite Pwopriyetè Kay

Pwopriyetè kay ki resevwa asistans nan HRRP gen responsablite sa yo:

Si inite nou dwe repare a te konstwi anvan lane 1978, inite sa pral teste pou prezans danje plon-pousyè. Si genyen, yo pral retire nan depans reyabilitasyon an, estabilizasyon, enkapulasyon oswa retire penti ki baze sou plon . Enspeksyon penti ki baze sou plon bay de benefis: 1) depans pou mezi alèjman yo konsiderab e yo dwe antre nan pri estimasyon yo pou reparasyon an epi (2) risk sante pou rezidan yo, sitou timoun ak granmoun aje yo, ka grav.

6.3 Devlopman depans pou pwojè reparasyon yo

Pou pwojè ki kalifye pou reyabilitasyon yo, HRRP pral devlope plan espesifik k'ap pral itilize pou dekriti travay ki pral fèt pou reparasyon epi pou etabli kantite ak kalite materyèl kid we itilize. Yo pral bay gwosè, plan eskolè ak plan pou do kay ki te la deja nan chak pwojè. Yo pral bay yon plan detaye alekri tou Yo pral fè yon reyinyon pre-konstriksyon obligatwa sou sit la pou revize plan travay la epi reponn nenpòt kesyon. Nenpòt travay anplis yo wè ki ta dwe fèt pandan visit la pral ajoute nan plan travay yo te estime a (SWE) epi yap fè yon lòt estimasyon pou pwojè a.

6.4 Ranplasman mobil / lojman fabrike yo

Pou mobil / lojman fabrike yo, plan nòmral pou etaj ki adapte ak plan pwogram green building lan pral disponib Gwosè ak konfigirasyon chanm yo pral detèmine selon plan nòmral okipasyon HUD yo

6.5 Detèminasyon pou rekonstriksyon ak seleksyon plan

Estimasyon rekonstriksyon yo baze sou zòn total ak kantite chanm ki dwe genyen nan kay yo. Valè zòn total yo fè pati estimasyon reparasyon an. Li te kreye ak plan chanm yo nan strikti nòmral pou reparasyon. Pwosesis estimasyon an pa gen galri ladann Yo retire yo otomatikman. Yo retire tou nan pwosesis estimasyon an garaj, ak tout sa ki pa nan strikti a osinon breezeway. Pwosesis sa ap lakòz kalkil rekonstriksyon soti an pye pa mèt kare.

Pwogram lan pral etabli yon pri ki kalifye pou chak faktè pye-Kare pou etabli yon alokasyon ranplasman pou kay la plis yon pri separe pou elevasyon, si sa nesèsè. Pwogram lan pral multipliyè pye-kare ki kalifye a, jan yo te detèmine nan paragaf anvan an, pa pri aplikab pou chak kare-pye yo selon pri yo pou detèmine depans pou ranplasman yo inite ki menm jan.

Estimasyon rekonstriksyon yo fèt sou tout kay yo, epi se yon sèl kalite estimasyon ki fèt lè yon kay pa an sekirite pou antre oswa te demoli oswa pasyèlman demoli. Y'ap ajoute yon pri apa pou elevasyon an, lè sa aplikab.

Kondisyon ki pa an sekirite: Kondisyon ki pa pwoteje yo gen ladann tou, men se pa sa sèlman: estrikti ki gen chaj ki bay mi, kolòn, oswa lòt konpozan sipò yo te konpwomèt, estrikti ki gen gwo odè endistriyèl oswa chimik oswa vapè ki soti nan kay la, oswa estrikti ki te make pa otorite lokal la kòm kay ki pa an sekirite pou antre. Si nenpòt nan kondisyon sa yo oswa menm kondisyon yo egziste, Evalyatè a kapab, sou konsiltasyon avèk yon sipèvizè ak dokiman nan foto ak yon deskripsyon alekri, limite Evalyasyon an a yon estimasyon pou rekonstriksyon.

Strikti pou demoli: Si yon strikti te demoli oswa demoli patyèlman, evalyatè a ka fè yon estimasyon pou rekonstriksyon sèlman. Evalyatè a pran foto pou dokimante kondisyon an epi mezire anprint ak zòn ki kalifye pou rekonstriksyon. Si zòn ki kalifye pou rekonstriksyon an pa ka etabli pa Evalyatè Dega (pa egzanp yon kay ki 100% detwi avèk yon fondasyon ki netwaye), HRRP ap travay avèk pwopriyetè kay la pou jwenn enfòmasyon ki manke nan nenpòt konbinezon sa ki annapre yo:

- Dokiman ki fèt pou evalyasyon oswa lavant byen imobilye yo.
- Enfòmasyon ki gen pou wè ak pwopriyete
- Estimasyon pou asirans
- foto
- Foto ayeryen

Pwogram lan ka itilize lòt metòd ki apwouve pou etabli zòn ki kalifye pou rekonstriksyon ak estimasyon pou rekonstriksyon lè dokiman ki soti nan enspeksyon souplas disponib. Enfòmasyon yo kolekte pou verifye pye-kare kay ki soti nan lòt sous nan plas estimasyon kay la dwe bay pwogram lan. Kolekte dokiman se premye responsabilite pwopriyetè kay la.

Pwogram lan pran desizyon final la sou kalifikasyon yon pwopriyetè kay epi, si li kalifye, kalite strikti ak pye-kare yo itilize pou kalkil sibvansyon. Kit prim lan pral pou rekonstriksyon, ranplasman, oswa reparasyon l'ap baze sou fòmil sa a:

$(\text{Estimasyon pou reparasyon} / \text{Estimasyon rekonstriksyon}) \times 100 = \text{pousantaj relatif pou pri reparasyon an koute pou rekonstriksyon.}$

Si pousantaj relatif la mwens pase 75% nan kantite lajan rekonstriksyon an, estimasyon reparasyon an itilize pou kalkile pri reparasyon strikti ki domaje a. Si yon pwojè pwopriyetè kay la kalkile kòm mwens pase 75% pou rekonstriksyon an, pwojè a ap trete kòm yon pwojè reparasyon. Si pousantaj relatif la egal a oswa plis pase 75% nan kantite lajan rekonstriksyon an, prim pwopriyetè kay la pral yon rekonpans prim.

Gen eksepsyon okazyonèl ki ka konvèti yon pwojè reparasyon nan yon pwojè rekonstriksyon. Pa egzanp, nenpòt kondisyon konstriksyon enprevi idantifye apre ekzekisyon nan akò a sibvansyon ka lakòz yon pri pwojè ogmante nan oswa pi wo a 75% papòt la. Anplis de sa, estrikti ki te detèmine pou gwo domaj oswa kondane pa yon minisipalite gouvènè, oswa estrikti ki yo detèmine ke yo dwe an sekirite pou antre nan anplwaye pwogram lan, yo ka konvèti nan yon pwojè rekonstriksyon. Dosye ki satisfè nenpòt nan kritè yo mansyone yo pral revize sou yon baz ka-pa-ka.

Pwogram lan pral ofri estanda nouvo desen kay pou pwojè rekonstriksyon yo. HRRP pa pral bay desen kay Customized. Pwogram lan pral detèmine ki gwo sè plan etaj chak pwopriyetè kay ki egzije rekonstriksyon an elijib pou itilize nan evalye estanda kare kare ki koresponn ak estanda digital yo ak estanda lokatè HUD yo. Pwogram lan pral bati kay la nan estanda Enèji Star Star sètifye.

Varyasyon nan metodoloji ki dekri anwo a ka oblije rankontre Estanda lokatè HUD yo. Nan ka sa yo, divèjans lan dwe dokimante e dokiman sa yo ap konstitye jistifikasyon pou divèjans lan.

6.6 Devwa kontraktan, Akò Konstriksyon

Yo pral ba yo yon kontraktè konstriksyon nan pisin kontraktè DEO ki te pwokire pou sipòte efò konstriksyon ki asosye avèk pwogram CDBG-DR yo. HRRP ap bay devwa bay kontraktè yo ki baze sou kritè apwouve tankou kapasite, kalite, konfòmite ak pèfòmans. Chak pwojè reparasyon oswa mobil / inite manifaktire lojman (MHU) pral sijè a yon kontra konstriksyon oswa yon akò. Akò sa a pral etabli mezi pèfòmans pou asire konstriksyon alè.

6.7 Dokiman Egzekisyon Kontra

Dokiman sa yo pral siyen pa pwopriyetè kay la nan moman an nan ekzekisyon kontra. Kòm dokiman ki nesèsè yo ka chanje, lis sa a pral ajou tanzantan.

- Akò pou kenbe asirans inondasyon epi notife pwopriyetè nan lavni (si se nan 100 ane plèn inondasyon)
- Sètifika rezidans prive
- Ako sibwogasyon limite
- Pwopriyetè kay/ Ako kontraktan
- Pwopriyetè/Ako sibvansyon DEO
- Dokiman ekri
- Ako eskwo(si li aplikab)
- Nenpòt lòt dokiman ki mande nan HRRP

6.8 Avi pou kontinye

Avi pou pwograme bay apre HRRP apwouve kontra a epi li fè tout pwosedi administratif administratif yo, yo retire byen pwopriyetè yo nan kay la (si sa nesèsè), antreprenè a jwenn pèmi ki nesèsè yo, e sèvis piblik yo sispann (si sa aplikab).

6.9 Sa antreprenè bezwen

- Tout kontraktè yo pral pote ak bay prèy yon aktyèl politik responsablite jeneral nan omwen kantite lajan total nan tout kontra yo bay nan pwogram sa a nan lespas 10 jou ouvrab. Si yo pa fè sa, sa ka lakòz revokasyon prim lan.
- Tout kontraktè yo dwe asire ak bay prèy pèfòmans ak obligasyon peman nan prim 10 jou ouvrab yo. Si yo pa fè sa, sa ka lakòz revokasyon prim lan.
- Kontraktè yo pral responsab pou dokimante (avèk foto ak rapò ekri) nenpòt domaj pre-egzistan ak pre-tanpèt nan pwopriyete a.
- Règleman Lojman HAD Safe Housing, EPA Renovasyon, Reparasyon ak Penti Règleman (RRP), ak tout lòt règleman ak règleman ki aplikab Sit Pwojè yo egzije pou konfòmite konplè nan tout tan.

- Tout konpayi fè, reklame oswa reklamasyon fè renovasyon pou konpansasyon annakò avèk EPA's RRP Rule and EPA's Lead-Pre Renovation Education (Lead-Pre) Rule. Kondisyon regilasyon yo ka jwenn nan 40 CFR Pati 745 Subpart E - Renovasyon pwopriyete rezidansyèl. Sa vle di tout kontraktè jeneral k ap patisipe nan pwogram rekiperasyon dezas sa a dwe EPA ki sètifye. Anplis de sa, tout moun ki fè renovasyon travay sou non nan kabinè avoka a dwe renouvlab sètifye.
- Kontraktè pral responsab pou detèmine bezwen sèvis piblik yo, bay enstalasyon sanitè, ekipman san danje opere sou sit epi pou jwenn pèmi ki nesèsè yo.
- Kontraktè yo oblije ale nan reyinyon pre-konstriksyon avèk pwopriyete kay la ak yon reprezantan HRRP.
- Lè yo fin resevwa yon avètisman pou ale nan HRRP, travay la ap kòmanse nan lespas 15 jou. Nenpòt kontraktè ki deranje sit la anvan yo resevwa yon Avi Pou Pwolonje pral otomatikman pèdi kontra yo ak finansman ki pa gen okenn REKOU.
- Apre yo fini, pwopriyete a dwe satisfè HQS ak lòt estanda bilding ki aplikab.
- Tout travay ki fèt pa antreprenè a ap garanti pou peryòd sa yo:
 - a) 1 Ane - garanti jeneral pou reparasyon nan kay la;
 - b) 2 zan - elektrik, plonbri, ak garanti mekanik (si travay sa yo fèt); ak
 - c) 10 Ane - garanti estriktirèl (si travay estriktirèl la fèt).

Tankou yon garanti yo pral make nan kontra a konstriksyon. Pou peryòd ki presize nan garanti a, apati moman enspeksyon final la, pwopriyete kay asiste a kapab mande antreprenè a korije defo oswa pwoblèm ki vini kòm rezilta travay li a dapre kontra sa a. Si antreprenè a pa fè sa, pwopriyete kay asiste a kapab fè kèlkeswa rekou ki nesèsè a pandan li kontakte HRRP. Y ap bay yon kantite tan ki rezonab pou korije pwoblèm lan; toutfwa, nan okenn ka tan sa a pa p depase de semèn.

Part 7 Konstriksyon

7.1 Kout Je Global

Yo defini **reparasyon** kòm reparasyon ki pa ijan oswa renovasyon yon espas ki presize e ki limite oswa renovasyon yon pòsyon nan yon estrikti lojman. Yo defini kòm reparasyon tou lefèt yo mete dè pòsyon pwopriyete reyabilite an konfòmite avèk kòd konstriksyon lokal yo, epi estrikti a annantye an konfòmite avèk Nòm Pwopriyete Minimòm HUD yo (MPS) (oswa Kòd Konstriksyon aplikab ki ann aplikasyon an), ak Nòm Kalite Lojman yo ki gen ladan yo konfòmite avèk Seksyon 31 Lwa Federal Kontwòl Prevansyon Dife 1974 la ak kòd ak nòm konstriksyon lokal yo.

Estrikti a annantye dwe an konfòmite tou avèk nòm pwopriyete minimòm pwogram lan tabli, ki baze sou Nòm Kalite Lojman HUD yo, Kòd Konstriksyon Vèt Florid (lè sa aplikab), Lis Verifikasyon Renovasyon Konstriksyon Vèt HUD (lè sa aplikab), ak tout egzijans kòd eta ak kòd lokal yo.

Y ap limite reparasyon yo a estrikti chapant an bwa ak estrikti modilè yo te jije fezab pou reparasyon oswa MHUs ki gen mwens ke senkan e ki vo mwens ke \$ 15,000 (kou esansyèl ak kou akseswa konbine) nesèsè pou fè pwopriyete a vin konfòm a nòm konstriksyon pwogram lan.

Y ap defini kòm **rekonstriksyon**: demolisyon, retiray, ak eliminasyon yon inite lojman ki deja egziste epi ranplasman inite sa a sou menm teren an, e nan menm anplasman nan tè a, avèk yon nouvo inite ki konfòm a Kòd Rezidans Entènasyonal yo (IRC) jan Kòd Konstriksyon Florid egzije sa. Kantite inite sou teren an pa gen dwa ogmante epi sipèfisi total an pye kare estrikti rezidans prensipal y ap rekonstwi a pa gen dwa gen yon gran gwochè anplis, toutfwa, kantite pyès nan yon inite kapab ogmanste oswa redui.

Ranplasman se demolisyon, retire ak ranplasman yon MHU ki andomaje avèk yon nouvo MHU apeprè nan menm anplasman an nan tè a, oswa nan yon nouvo pozisyon si inite andomaje orijinal la te sou yon tè ki lwe epi pwopriyete MHU a dwe dwe demenaje pou ale nan yon nouvo pwopriyete. Reenstalasyon yon nouvo MHU, sa pral egzije etid anviwònman an plis.


Y ap fè **rehosman (fè sòl konstriksyon an vin pi wo)** pandan yo itilize konstriksyon pilye ak pout. Fè ranplisay pou kapab rive jwenn wotè rehosman ki nesèsè a, se pa yon bagay ki ap admisib (se pa yon bagay ke y ap akseptè).

7.2 Deranjman ke Penti A Baz Plon Koze ak Rediksyon Pwoblèm sa a

Antreprenè yo dwe asire yo ke egzijans minimòm nou pral di la a yo, yo respekte tout tan:

- Tout sit yo (tout kote yo) pwòp epi gen kouvèti pwoteksyon ki mete lè règlemantasyon ki ann aplikasyon an egzije sa pandan renovasyon an, espesyalman lè y ap fè aktivite kote penti kapab lakòz deranjman.
- Tout travayè ki sou sit la (nan kote a), yo dwe gen sètifikasyon ki apwopriye sou yo pandan yo sou sit la.
- Sètifika Renovatè Plon an egzijib sou sit la kèlkeswa lè a, depi nan kòmansman renovasyon an pou rive jiskaske yo konplete eliminasyon final plon an.
- Asire ke teknik apwopriye yo, se yo ki itilize lè gen aktivite penti ki kapab bay deranjman ki ap fèt.
- Li egzijib pou gen omwen de bagay nou pral di la a yo ki afiche kèlkeswa lè a pou kèlkeswa moun ka p pwoche sit la ak tout travayè yo kapab wè yo yon fason klè jiskaske eliminasyon final plon an konplete.

1. Siyalizasyon avètisman pwogram RRP Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) egzije, ann anglè e ann espayòl – Egzanp Siyalizasyon



2. Siyalizasyon avètisman plon Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay (OSHA) egzije, ann anglè e ann espayòl - Egzanp Siyalizasyon



Si kondisyon sit yo pa konfòm, y ap bay yon lòd kanpe travay jiskaske tout pwoblèm yo rezoud epi yon anplwaye pwogram lan verifye yo. Tan ke pwojè a ap rete kanpe tann nan, y ap enkli li lè y ap kalkile dire konstriksyon an e y ap konsidere se fot antreprenè a. Lòd pou kanpe tout travay la, y ap pran li an konsiderasyon tou lè y ap detèmine ki moun y ap bay fè travay ak patisipasyon nan pwochen pwojè yo.

7.3 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon

HRRP ap fè vizit sit pou chak pwojè reparasyon sou demand antreprenè a nan etap pre-detèmine yo (etap ki detèmine alavans yo) pandan aktivite konstriksyon kritik jan sa dekri nan Dokiman Egzekisyon Kontra yo. Vizit sa a yo ap fèt apre tout aplikasyon kòd minisipal ki egzije yo, ak/oswa enspeksyon tyès pati yo (enspeksyon yon twazyèm enstitisyon) fin fèt.

7.4 Enspeksyon Final ak Enfòmasyon Garanti

Yo itilize enspeksyon final la pou verifye ke travay la te fèt selon plan yo ak espesifikasyon yo epi li respekte nòm konstriksyon pwogram yo. Dèke konstriksyon an konplete, antreprenè a ap mande yon vizit sit final pou garanti ke tout travay ki endike nan kontra a te konplete yon fason ki bay satisfaksyon dapre kòd ak nòm apwopriye eta a ak pa nivo lokal yo epi kay la respekte nòm lojman yo. Vizit final sit la konfime ke tout travay la te konplete epi enspektè aplikasyon kòd konstriksyon yo ak enspektè tyès pati yo (enspektè yon twazyèm enstitiyon) te aksepte travay la, enkli tout eleman ki sou lis ki pèse avèk ti tou yo.

Antreprenè yo dwe bay tout garanti yo anvan enspektè a siyen yon fòmilè enspeksyon final. Gen foto k ap fèt pou objektif dokimantasyon. Lè sa a, y ap bay pwopriyetè kay la ti liv enstriksyon ak enfòmasyon garanti.

7.5 Re-enspeksyon yo

Si anplwaye HRRP yo ta obsève kèlkeswa defo a/yo pandan enspeksyon yo, y ap enfòmè antreprenè a osijè defo a/yo e yo va ba li yon rapò ekri sou bagay yo jwenn yo. Apre antreprenè korije defo a/yo, li kapab mande pou yo fè yon re-enspeksyon. Enspeksyon ki echwe kapab lakòz evalyasyon yon frè an plis pou antreprenè konstriksyon an pou re-enspeksyon.

7.6 Lòd Chanjman

Kote gen travay an plis ki nesèsè pou fè reparasyon oswa pou korije kondisyon yo pa t prevwa oswa kondisyon danje, antreprenè a ap soumèt yon Lòd Chanjman ki gen ladan yon deskripsyon an detay travay ki nesèsè a, gen ladan kantite ak lokalizasyon (ki kote), konbyen kòb travay sila a ap koute, epi tan ki nesèsè pou HRRP ta konplete travay sila a. Amwenske yo detèmine gen yon danje imedya pou sante ak sekirite, YO P AP OTORIZE ANKENN TRAVAY jiskaske HRRP dakò travay la alekri. Y ap egzamine tout Lòd Chanjman yo pou wè si kantite kòb y ap koute a rezonab epi pou wè si yo admisib (si yo ranpli kondisyon ki egzijib yo).

7.7 Responsabilite Pwopriyetè Kay yo pandan Konstriksyon an

HRRP pa p responsab pou pèd ke pwopriyetè kay la ta fè oswa pou afè pwopriyetè kay la ki ta andomaje, si gen bagay konsa ki ta rive pandan konstriksyon an. Pwopriyetè kay la dwe sekirize oswa deplase afè li yo jiskaske konstriksyon an konplè.

- Lè li siyen kontra a, pwopriyetè kay la ap gen 30 jou kalandriye pou li demenaje soti sou pwopriyete a epi mete yon lòt kote kèlkeswa byen pèsònèl ki gen anpil valè ki ta kapab andomaje pandan konstriksyon an ap fèt.
- Pwopriyetè kay la dwe prepare aksè kay li a (wout ak kondisyon pou moun vini nan kay li a) pou antreprenè konstriksyon ki ap bay sèvis konstriksyon yo. Si yon antreprenè konstriksyon eseye fè efò ak tout bòn volonte li pou li fè reparasyon ki egzije yo, epi yo refize ba li aksè a kay la yon fason rezonab e nan bon lè a, y ap retire pwopriyetè kay la nan pwogram lan.
- Pwopriyetè kay la responsab sekirite pwopriyete li a ak afè pèsònèl li yo. Deplasman, mete yon bon kote oswa nan depo ak sekirite pwopriyete pèsònèl yo, se responsabilite pwopriyetè kay la.
- Pandan konstriksyon an, pwopriyetè kay la pa dwe entèfere (kontrarye travay la) nan espas y ap repara yo, epi li dwe fè yon efò rezonab pou li rete lwen zòn konstriksyon an.

- Tout debri, veyikil (machin) ki abandone ak konstriksyon ki reprezante yon menas pou sekirite ak/oswa sante, jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki kalifye pou fè detèminasyon sa a detèmine sa, yo dwe retire bagay sa a yo nan pwopriyete a anvan kòmansman konstriksyon an. Pwopriyete kay yo dwe retire byen pèsònèl ki delabre yo (byen pèsònèl ki an movèz eta yo).
- Pwopriyete kay la dwe mete aladispozisyon antreprenè konstriksyon an tout sèvis piblik ki egziste yo, lè sa nesèsè, pandan konstriksyon an.

Anèks A Limit Revni HUD

Kategori Limit Revni Fanmi pa Konte e pa Kòd Postal										
Zòn Limit Revni FY 2018	Revni Fanmi Medyan	Kategori Limit Revni FY 2018	Moun Ki nan Fanmi an							
			1	2	3	4	5	6	7	8
			Moun Ki nan Fanmi an							
			1	2	3	4	5	6	7	8
Monroe County, FL	\$84,400	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	30,900	35,300	39,700	44,100	47,650	51,200	54,700	58,250
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	18,550	21,200	23,850	26,450	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	49,400	56,450	63,500	70,550	76,200	81,850	87,500	93,150
			Moun Ki nan Fanmi an							
			1	2	3	4	5	6	7	8
Brevard County	\$64,800	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,700	25,950	29,200	32,400	35,000	37,600	40,200	42,800
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,650	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	36,300	41,500	46,700	51,850	56,000	60,150	64,300	68,450
			Moun Ki nan Fanmi an							
			1	2	3	4	5	6	7	8
Broward County	\$65,700	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	28,300	32,350	36,400	40,400	43,650	46,900	50,100	53,350
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	17,000	19,400	21,850	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	45,300	51,750	58,200	64,650	69,850	75,000	80,200	85,350

		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Clay County	\$69,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	24,500	28,000	31,500	34,950	37,750	40,550	43,350	46,150
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	14,700	16,800	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	39,150	44,750	50,350	55,900	60,400	64,850	69,350	73,800
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Collier County	\$75,000	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	26,250	30,000	33,750	37,500	40,500	43,500	46,500	49,500
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	15,750	18,000	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	42,000	48,000	54,000	60,000	64,800	69,600	74,400	79,200
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Duval County	\$69,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	24,500	28,000	31,500	34,950	37,750	40,550	43,350	46,150
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	14,700	16,800	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	39,150	44,750	50,350	55,900	60,400	64,850	69,350	73,800
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Hillsborough County	\$63,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,400	25,600	28,800	31,950	34,550	37,100	39,650	42,200
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,450	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,200*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,800	40,900	46,000	51,100	55,200	59,300	63,400	67,500

		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Lee County	\$63,700	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,300	25,500	28,700	31,850	34,400	36,950	39,500	42,050
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,400	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,050*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,700	40,800	45,900	50,950	55,050	59,150	63,200	67,300
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Miami-Dade County	\$52,300	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	27,550	31,500	35,450	39,350	42,500	45,650	48,800	51,950
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	16,550	18,900	21,250	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	44,100	50,400	56,700	62,950	68,000	73,050	78,100	83,100
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Orange County	\$62,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,400	25,600	28,800	31,950	34,550	37,100	39,650	42,200
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,450	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,200*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,800	40,900	46,000	51,100	55,200	59,300	63,400	67,500
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Osceola County	\$62,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,400	25,600	28,800	31,950	34,550	37,100	39,650	42,200
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,450	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,200*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,800	40,900	46,000	51,100	55,200	59,300	63,400	67,500

		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Palm Beach County	\$74,300	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	26,950	30,800	34,650		41,550	44,650	47,700	50,800
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	16,150	18,450	20,780		29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	43,050	49,200	55,350		66,450	71,350	76,300	81,200
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Polk County	\$53,600	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	18,800	21,450	24,150	26,800	28,950	31,100	33,250	35,400
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,140	16,460	20,780	25,100	28,950*	31,100*	33,250*	35,400*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	30,050	34,350	38,650	42,900	46,350	49,800	53,200	56,650
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
St. Lucie County	\$60,500	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	21,200	24,200	27,250	30,250	32,700	35,100	37,550	39,950
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,750	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	37,550*	39,950*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	33,900	38,750	43,600	48,400	52,300	56,150	60,050	63,900
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
Volusia County	\$55,100	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	19,500	22,300	25,100	27,850	30,100	32,350	34,550	36,800
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,140	16,460	20,780	25,100	29,420	32,350*	34,550*	36,800*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	31,200	35,650	40,100	44,550	48,150	51,700	55,250	58,850

Kategori Limit Revni Fanmi pa Kòd Postal										
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
32136 Flagler County	\$58,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	20,650	23,600	26,550	29,450	31,850	34,200	36,550	38,900
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,400	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	36,550*	38,900*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	33,000	37,700	42,400	47,100	50,900	54,650	58,450	62,200
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
32084 32145 St. Johns County	\$69,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	24,500	28,000	31,500	34,950	37,750	40,550	43,350	46,150
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	14,700	16,800	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,380
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	39,150	44,750	50,350	55,900	60,400	64,850	69,350	73,800
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
32771 Seminole County	\$62,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,400	25,600	28,800	31,950	34,550	37,100	39,650	42,200
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,450	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,200*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,800	40,900	46,000	51,100	55,200	59,300	63,400	67,500
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
33440 33935 Hendry County	\$46,200	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	18,250	20,850	23,450	26,050	28,150	30,250	32,350	34,400
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,140	16,460	20,780	25,100	28,150*	30,250*	32,350*	34,400*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	29,200	33,400	37,550	41,700	45,050	48,400	51,750	55,050

		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
33523 Pasco County	\$63,900	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	22,400	25,600	28,800	31,950	34,550	37,100	39,650	42,200
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	13,450	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	38,060	42,200*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	35,800	40,900	46,000	51,100	55,200	59,300	63,400	67,500
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
33825 33870 Highlands County	\$43,800	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	18,250	20,850	23,450	26,050	28,150	30,250	32,350	34,400
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,140	16,460	20,780	25,100	28,150*	30,250*	32,350*	34,400*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	29,200	33,400	37,550	41,700	45,050	48,400	51,750	55,050
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
34266 DeSoto County	\$42,300	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	18,250	20,850	23,450	26,050	28,150	30,250	32,350	34,400
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,140	16,460	20,780	25,100	28,150*	30,250*	32,350*	34,400*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	29,200	33,400	37,550	41,700	45,050	48,400	51,750	55,050
		Moun Ki nan Fanmi an								
		1	2	3	4	5	6	7	8	
32091 Bradford County	\$59,400	Limit Revni Ba Anpil (50%) (\$)	20,800	23,800	26,750	29,700	32,100	34,500	36,850	39,250
		Limit Revni Ba Dènye Degre (\$)*	12,500	16,460	20,780	25,100	29,420	33,740	36,850*	39,250*
		Limit Revni Ba (80%) (\$)	33,250	38,000	42,750	47,500	51,300	55,100	58,900	62,700

Anèks B Plan Maketing Afimatif

Pwogram lan pran angajman pou li fè pwomosyon lojman ekitab (lojman san patipri) yon fason afimatif atravè politik maketing afimatif ki tabli yo. Efò maketing afimatif yo pou finansman sizoka ta gen katastwòf, ap gen ladan yo sa nou pral di la a:

- Plan Maketing Afimatif sa a, ki baze sou règleman Depatman Lojman ak Devlopman Vil peyi Etazini (HUD), li esplike règleman ak pwosedi pou aktivite lojman. Yo tabli pwosedi pou fè maketing yon fason afimatif pou inite ki finance atravè pwogram lan. Pwosedi yo kouvri difizyon (simaye) enfòmasyon, asistans teknik pou pwopriyete kay, jesyon pwojè, egzijans rapò ak etid pwojè.
- Objektif la se asire ke yo bay moun ki admisib ki soti nan tout estati etnik, orijin nasyonal, relijye, familyal, andikape yo, moun ki gen bezwen espesyal yo, gwoup fanm oswa gason ak popilasyon ki gen pi piti chans pou aplike pou asistans yo, ke yo bay moun sa a yo opòtinite pou reyabilite rezidans prensipal yo ki te sibi domaj akòz Siklòn Irma ak/oswa aksyon siklòn nan ki te vini apre yo.
- Pandan y ap suiv règleman ak pwosedi maketing afimatif yo, y ap enfòme patisipan nan pwogram lan osijè opòtinite ki disponib yo ak pyès jistikatif ki egzijib yo atravè konseye, materyèl enprime ak materyèl elektwonik, piblikasyon, kontak dirèk, atelye travay/seminè ak plasman depliyen/postè nan etablisman piblik yo.
- HRRP pral fè maketing atravè medya ki trè kouran yo, epi gen efò ki pral deplwaye pou fè maketing Pwogram CDBG-DR Rekonstwi Florid la yon fason afimatif jan nou pral di la a:
 - a) Fè piblisite nan medya ki bay yon aksè privilejye a moun ki konsidere kòm manm yon klas ki pwoteje dapre Lwa Lojman Ekitab la.
 - b) Touche òganizasyon piblik yo oswa òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo epi fè reyinyon/patisipe nan reyinyon nan kominote yo.
 - c) Lòt fòm kontak ki adapte pou rive touche popilasyon ki admisib la, gen ladan yo aktivite pòt-a-pòt si sa nesèsè.
- Y ap ofri aplikasyon yo ak fòmilè yo ann anglè e nan lòt lang yo pale plis nan rejyon an. Anplis de sa, yo pral fè tout efò pou ede pwopriyete kay ki gen yon Konpetans Limite nan Lang Anglè nan pwosesis aplikasyon an.
- Anplis de sa, gen yon seri dispozisyon ki pral pran pou fè pwogram lan aksesib pou moun ki konsidere kòm manm nan yon klas ki pwoteje dapre Lwa Lojman Ekitab la nan fè reyinyon enfòmasyonèl yo nan konstriksyon ki konfòm a Lwa sou Ameriken Ki Gen Andikap yo (ADA), ki bay asistans lang siy lè demand lan fèt (avèk yon avi twa jou), epi bay asistans espesyal pou moun ki gen pwoblèm vizyon yo lè demand lan fèt (avèk avi twa jou).
- Yo va konsève e yo va rann disponib pou piblik la, sou demand, dokimantasyon tout mezi maketing ki itilize yo, gen ladan kopi tout piblisite yo ak anons yo.
- HRRP pral itilize logo Lojman Ekitab la (lojman san patipri) nan piblisite pwogram lan, afiche postè Lojman Ekitab ak enfòmasyon ki anrapò avèk sa, epi, anjeneral, enfòme piblik la osijè dwa li yo dapre règleman Lojman Ekitab yo.

Anèks C Rekonsiderasyon/Apèl/Pwosesis Plent

REKONSIDERASYON, APÈL AK PWOSESIS PLENT

Pandan l ap suiv Plan Patisipasyon Sitwayen 24 CFR 91 ak 24 CFR 570.486(a) (7), HRRP a te devlope pwosesis rekonsiderasyon, apèl ak plent. Atravè pwosesis rekonsiderasyon an, aplikan yo (moun ki fè aplikasyon yo) gen yon mach a suiv ki pèmèt yo mande yon nouvo egzamen yon desizyon ki te pran nan dosye yo. Yon fwa pwosesis rekonsiderasyon an fini nèt, si yon aplikan (moun ki fè aplikasyon) pa ta dakò avèk rezilta demand rekonsiderasyon an, desizyon HRRP a kapab egzamine ankò atravè yon pwosesis apèl enfòmèl ajans. Yo pa ka fè apèl kont règleman pwogram lan. Anplis de sa, sitwayen yo ka pote plent - ni fòmèl ni enfòmèl- ki ap jwenn repons nan 15 jou ouvrab.

Yo va enprime enfòmasyon osijè dwa epi kijan pou depoze yon demand rekonsiderasyon, yon apèl enfòmèl ajans ak yon plent nan tout direktiv yo e yo va poste yo sou sit wèb Rebat Florida la, www.rebuildflorida.gov, nan tout lang lokal yo, yon fason ki apwopriye e rezonab.

Rekonsiderasyon Pwogram lan

Pandan tout pwosesis la, y ap pran desizyon sou yon aplikasyon ak/oswa yon pwojè ki dwe livre. Yo pran desizyon yo dapre lwa yo, kòd règleman federal yo, kòd administratif lokal la, direktiv eta a ak direktiv lokal yo, selon jan pwogram lan entèprete lwa sa a yo. Règleman sa a gide pwosesis pou yon aplikan oswa yon antreprenè ki ap mande rekonsiderasyon pwogram lan parapò a desizyon HRRP a te pran.

Motif (rezon) pou mande rekonsiderasyon yon desizyon. Aplikan ki te aplike pou finansman pou rekiperasyon apre dezaz kapab sèlman mande rekonsiderasyon dispozisyon yon desizyon pwogram sou youn oswa plis nan sa nou pral di la a yo:

1. Eleman admisibilite ki anrapò avèk pwopriyete, okipasyon, domaj tanpèt, ak taks sou pwopriyete.
2. Erè pwosedi lè ekip pwogram lan pa t trete aplikasyon an pandan li suiv règleman ak pwosedi pwogram yo
3. Kantite finansman aplikan an admisib pou li resevwa
4. Doublay Estimasyon Benefis yo
5. Pwoblèm Konstriksyon yo

Yon antreprenè kapab mande rekonsiderasyon sèlman pou pwoblèm ki anrapò avèk tiraj pèman oswa delè konstriksyon referans yo ki pa respekte.

Demand rekonsiderasyon desizyon pwogram lokal. Yon pati ki mande rekonsiderasyon dwe depoze yon demand rekonsiderasyon alekri devan HRRP a pou mande yon reegzamen pa pita pase 30 jou apre dat aksyon ki dwe rekonsidere a te fèt oswa dat yo te bay avi a. Demand alekri a dwe gen ladan enfòmasyon espesifik anrapò avèk kontestasyon desizyon HRPP a. HRRP ap rekonèt li resevwa demand lan. HRRP pral reponn demand lan alekri pa pita ke 15 jou ouvrab apre dat yo resevwa demand lan. Repons lan kapab pran youn nan aksyon sa a yo:

1. Akize resepsyon demand rekonsiderasyon an ak notifikasyon ke reegzamen dosye aplikan an kapab pran plis pase 15 jou ouvrab;
2. Demand dokiman sipò an plis oswa enfòmasyon nan men moun ki fè demand lan;
3. Eitati ankèt la (nan ki pwen ankèt la ye) ak estimasyon delè pou desizyon an; oswa

4. Detèminasyon final pwoblèm lan:

- a. Aksepte demand lan epi fè ajisteman ki apwopriye yo nan desizyon manm ekip la; oswa
- b. Pa dakò avèk demand lan epi di pati a sou ki baz yo rejte demand rekonsiderasyon an.

Si yon aplikan pa ta dakò avèk rezilta yon demand rekonsiderasyon, y ap bay aplikan an yon avi dwa administratif pou fè apèl ak enstriksyon pou pwosesis apèl la. Anplis de sa, aplikan yo gen opòtinite pou depoze yon apèl enfòmèl ke Depatman an kondui.

Apèl yo

Apèl enfòmèl DEO: Yon fwa pwosesis rekonsiderasyon an fini nèt, si yon aplikan (moun ki fè aplikasyon) pa ta dakò avèk rezilta demand rekonsiderasyon an, desizyon HRRP a kapab egzamine ankò atravè yon pwosesis apèl enfòmèl ajans. Yon pati ki mande yon apèl enfòmèl DEO dwe depoze yon demand alekri pou fè apèl enfòmèl pa pita pase 30 jou apre dat desizyon demand rekonsiderasyon an oswa dat yo te bay avi a. Nan yon apèl enfòmèl, DEO ap mennen ankèt, lè sa nesèsè. Anplis de sa, yon odyans apèl enfòmèl ap fèt, lè sa nesèsè. Nòmalman, odyans apèl enfòmèl la ap fèt pa telefòn avèk tout pati ki enplike yo nan yon apèl konferans. Apre yon plenyan (yon moun ki pote plent) depoze demand pou yon apèl enfòmèl DEO, evènman sa yo ap fèt:

1. Y ap poste yon Avi Odyans, ki endike dat la, lè a, ak kowòdone (enfòmasyon kontak) odyans ki pwograme a
2. Yon fwa odyans apèl la fin fèt, y ap distribye yon desizyon rezilta a

Apèl Fòmèl / Avi Dwa Apèl Administratif: Kèlkeswa moun ki gen enterè enpòtan li yo ki afekte nan detèminasyon DEO a, li gen opòtinite pou yon odyans administratif dapre seksyon 120.569, Lwa Florid yo. Pou kapab konnen kisa ki dwe genyen andedan yon petisyon ki konteste aksyon yon ajans, gade nan règleman 28-106.104(2), 28-106.20(2), ak 28-106.301, Kòd Administratif Florid.

Selon ke gen fè materyèl (bagay ki fèt ki enpòtan anpil) ki konteste nan petisyon an oswa pa genyen, yon odyans ap fèt dapre seksyon 120.569 ak 120.57(1), Lwa Florid yo, oswa dapre seksyon 120.569 ak 120.57(2), Lwa Florid yo. Dapre seksyon 120.573, Lwa Florid yo, ak Chapit 28-106, Pati 4, Kòd Administratif Florid, gen medyasyon ki disponib pou rezoud kontestasyon administratif yo. Kèlkeswa petisyon an, li dwe depoze devan Grefye Ajans lan nan mwens pase 30 jou kalandriye apre resepsyon detèminasyon DEO a

Si yon aplikan depoze yon demand pou yon rekonsiderasyon oswa pou yon apèl enfòmèl, egzijans pou depoze nan bon lè a yon petisyon ki konteste aksyon ajans lan, egzijans sa a ap sispann jiskaske Depatman an rann yon desizyon dapre youn nan metòd yo. Nan moman sa a, yon nouvo fenèt apèl ap kòmanse. Ankenn aplikan pa p pèdi dwa li dapre Chapit 120, Lwa Florid yo, lè li depoze yon demand rekonsiderasyon oswa yon demand apèl enfòmèl.

Apèl nan kad Lwa Reinstalasyon Inifòm (URA)

Lokatè yo kapab fè apèl kont kèlkeswa ka kote yo kwè ke HRRP te fayi nan konsidere aplikasyon pou asistans yo a yon fason apwopriye. Sa enkli, men se pa sa sèlman, admisibilite lokatè a pou yon pèman ki egzije pou asistans reenstalasyon oswa pou montan pèman sa a. Lokatè a dwe fè apèl kont desizyon HRRP ki anrapò avèk asistans reenstalasyon nan mwens pase 30 jou apre resepsyon (apre li resevwa) yon detèminasyon ekri nan men HRRP ki dekri desizyon pwogram lan anrapò avèk admisibilite li pou avantaj oswa montan avantaj yo.

Plent yo

Objektif HRRP a se rezoud plent yo yon fason ki an menm tan pran an kont enkyetid plenyan yo (moun ki pote plent yo) epi bay yon rezilta ekkitab (san patipri). HRRP ap trete tout plent yo avèk respè, epi l ap reponn demand plenyan yo osijè eta plent lan (nan ki pwen plent lan ye). Pwogram lan ap rekonèt chak plent li resevwa epi l ap bay yon repons nan mwens pase 15 jou ouvrab, si posib.

Enfòmasyon sou fason pou depoze yon plent ap disponib nan biwo pwogram yo epi y ap enkli yo nan dokiman enprime yo epitou y ap disponib sou sit entènèt la.

Plent Enfòmèl yo

Plent ki depoze vèbalman yo (aloral), y ap trete yo si sa posib kèlkeswa sous plent sa a yo. Mach a suiv la pou trete kesyon sa a se asire ke moun nan konnen pwosesis plent fòmèl la ak/oswa trete plent lan vèbalman (aloral). Yon plent enfòmèl oswa plent ki pa gen kontak yo, yo p ap enkli yo nan sistèm suivi plent yo. Olye de sa, y ap mete plent enfòmèl yo nan yon dosye plent enfòmèl.

Sou yon plent enfòmèl HRRP a ta dwe:

1. Rive jwenn tout enfòmasyon apwopriye, gen ladan pwoblèm ki poze a epi si sa posib, non plenyan an (moun ki pote plent lan) ak yon kontak pou rive jwenn plis enfòmasyon si yo swete sa. Si pa gen ankenn non oswa nimewo kontak ki bay, lè sa a, yo ta dwe note sa epi mete sa nan yon dosye plent enfòmèl, sou fòm elektwonik oswa sou fòm enprime.
2. HRRP a ta dwe egzamine plent sa a yo omwen chak mwa pou detèmine si gen yon tandans ki parèt epi, si gen yon tandans, detèmine si pwoblèm lan fè ke yon chanjman politik oswa yon fòmasyon konplèmantè nesesè.

Plent Fòmèl yo

Plent fòmèl yo se kèlkeswa deklarasyon motif plent ekri—enkli imel, faks oswa lèt ki gen ladan yon kontak ke anplwaye pwogram lan kapab kominike rezilta yon ankèt ba li. Kèlkeswa plent lan ki pa gen yon pwen kontak ladan, y ap trete li kòm yon plent enfòmèl. Kèlkeswa plent lan ke HUD transmèt HRRP, y ap konsidere li kòm yon plent alekri.

Dokiman Obligatwa

1. Y ap mete chak plent fòmèl nan yon sistèm suivi plent yo epi y ap konsève li sou fòm yon fichye elektwonik oswa sou fòm dokiman enprime sou papyè. Plent fòmèl ki depoze yo ap gen ladan yo:
 - a) Non plenyan an (moun ki pote plent lan) ak yon adrès kontak
 - b) Dat yo te resevwa plent lan
 - c) Yon deskripsyon plent lan
 - d) Non tout moun yo te kontakte pou rezoud plent lan oswa pou rasanble enfòmasyon pou rezoud plent lan
 - e) Yon rezime rezilta yo ak dat yo te voye repons lan bay plenyan an
 - f) Yon eksplikasyon rezon ki fè dosye a te fèmen si dosye a te fèmen.
2. Yon fwa plent lan nan sistèm nan suivi a, HRRP a ap detèmine si plenyan an gen kalite pou li aji (si li gen dwa pou li pote plent lan). Yon plenyan gen kalite pou li aji lè plenyan an se yon aplikan, yon antreprenè oswa yon pati dirèk epi li gen yon adrès kontak. Si yon plenyan gen kalite valid pou li aji, HRRP a ap fè etap sa yo:

- a) Bay plent lan yon nimewo kontwòl
- b) Egzamine ak/oswa mennen ankèt sou plent lan
- c) Yon fwa plent lan rezoud, oswa si li bezwen plis travay pase sa ki kapab fèt nan nivo pwogram lokal la, achemine (voye) plent lan nan biwo ki apwopriye a pou yo kapab jwenn solisyon pou li.
- d) Bay HRRP yon kopi rezilta final la si sa aplikab.
- e) Bay plenyman an yon kopi règleman ak pwosedi ki anrapò avèk envestigasyon (ankèt) ak solisyon epi bay yon kopi tou a chak moun ke plent lan konsène dirèkteman.
- f) Notifye (enfòm) plenyman an konsènan rezilta yo, oswa si sa pran plis pase 15 jou, voye di plenyman an eta avansman pwosesis reegzamen an.
- g) Fèmen plent lan.

Plent Lojman Ekitab (Lojman san Patipri)

Moun ki di yo sibi yon vyolasyon lwa lojman ekitab yo, y ap achemine yo (voye yo) bò kote kontak ak pwosesis lokal DEO a pou yo depoze yon plent. DEO ap kenbe rejis e konsève dosye tout demand, deklarasyon, plent ak acheminman konsènan lojman ekitab. Anplis de sa, DEO ap rapòte tout ka li sispèk ki pa konfòm a HUD.